



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 SIT VAKSINASYON AN MAS OUVRI POU TIMOUN 5 A 11 AN YO

Sit eta yo pral konplete rezo pedyat, doktè familyal, Depatman Sante Konte yo, famasi, sant sante ki kalifye sou plan federal, ak klinik ki baze nan lekòl yo ki etabli a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 10 sit vaksinasyon an mas pral bay vaksen COVID-19 nan Eta New York pou timoun 5 a 11 an ki fèk kalifye yo. Apre rekòmandasyon CDC a pou vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech pou timoun ki nan gwoup laj sa, Gwoup Travay sou Konsiltasyon Klinik Eta New York la te apwouve rekòmandasyon CDC ak a epi eta a te soti enstriksyon pou founisè yo. Depi moman sa, plis pase 50,000 timoun New York ki nan gwoup laj sa te resevwa premye dòz vaksen an.

"Paran yo t ap tann pou kapasite pou pwoteje pitit yo kont COVID-19 la, and epi n ap fè tout sa nou kapab pou rann sa posib," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi gwoup timoun 5 a 11 an te vin kalifye, nou t ap ankouraje paran yo pou kontakte pedyat ak founisè sante lokal yo pou vikse randevou pou vaksinen epi kounye a m ap mande sit vaksinasyon an mas eta nou an pou ouvri pòt yo pou pi jèn yo ak Nouyòkè kalifye dènyèman yo."

Aktyèlman yon rezo pedyat, doktè familyal, depatman sante lokal, sant sante ki kalifye sou plan federal ak famasi ap administre vaksen yo. Pou akselere epi elaji efò sa, Gouvènè a te mande sit vaksinasyon an mas eta a pou genyen dòz pedyat epi prepare pou vaksinen timoun 5 a 11 an yo, ak toule 13 sit yo k ap prepare pou fè sa nan jou k ap vini yo.

Sit sa yo ap administre vaksen pou timoun 5 a 11 an:

The Great New York State Fair - Art and Home Center, Syracuse
SUNY Old Westbury - Clark Athletic Center, Glen Head
Crossgates Mall, Ansyen Lord & Taylor Store - Upper Level, Albany
Aqueduct Racetrack, South Ozone Park
Rochester Educational Opportunity Center, Rochester
Medgar Evers College, Brooklyn
Bay Eden Senior Center, Bronx
New York National Guard Armory, Yonkers

SUNY Stony Brook, Stony Brook
University at Buffalo South Campus, Buffalo

Paran ak responsab yo ka pran randevou nan sit vaksinasyon an mas eta a [isit la](#). Anplis, nou ankouraje paran ak responsab yo pou kontakte pedyat pitit yo, medsen familyal, sant sante, famasi oswa lòt founisè pou enfòmasyon sou vaksinasyon epi pou fikse randevou.

Nou ankouraje paran ak gadyen yo pou vizite nouvo sit entènèt Eta a, ny.gov/VaxForKids, pou jwenn enfòmasyon, kesyon yo poze souvan ak nouvo resous sou vaksen COVID-19 la pou timoun yo. Eta a dènyèman te ajoute materyèl ki pare pou sipòte founisè pedyatrik yo ak lokalite k ap bay timoun yo vaksen an sou tèren an, tankou nouvo afich ak otokolan ki disponib isit la.

Asire ke nenpòt sit oswa founisè ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa otorize pou gwoup laj sa.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)